# VI. КИШИ ИСБИЛЕРМЕНЛИК (БИЗНЕС)

2020 жылдың 1 апрель жағдайына дизимге алынған жәми киши исбилерменлик (бизнес) субъектлериниң саны 15982 ни қурап, өткен жылдың тийисли дәўирине салыстырғанда 2412 ге көбейди.

2020 жыл январь-мартына жалпы аймақлық өнимниң 43,9 % (2019 жыл январь-мартында 42,8 %) киши бизнес субъектлери тәрепинен ислеп шығарылды.

- санаат өнимлери ислеп шығарыў көлеми 653,1 млрд. сўмды (жәми санаат ислеп шығарыўдың 19,5%) қурады; (санаат тараўында ҳәрекет етип турған исбилерменлик субъектлери саны 2416 ны қурады).

- аўыл, тоғай ҳәм балық хожалықларының ислеп шығарылған өнимлер (көрсетилген хызметлер) көлеми 830,6 млрд. сўмды қурап, (аўыл, тоғай ҳәм балық хожалықлары жалпы өниминиң 96,4 %) қурады;(аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы тараўында ҳәрекет етип турған исбилерменлик субъектлери саны 2135 қурады).

- 796,3 млрд. сўмлық инвестициялар (улыўма инвестициялар көлеминиң 62,0 %) өзлестирилди ҳәм 2019 жылдың январь-мартында салыстырғанда 110,9 % қурады;

-596,2 млрд.сўмлық қурылыс жумыслары (улыўма қурылыс жумыслары көлеминиң 88,6 %) орынланды ҳәм 2019 жылдың январь-мартына салыстырғанда 1,8 % асты; (қурылыс тараўында ҳәрекет етип турған исбилерменлик субъектлери саны 2172 ни қурады).

- автомобиль транспорты жүк айланысының 1,9 % (республика жәми автомобиль транспорты жүк айланысының 88,2 %), жолаўшы айланысының болса 1,9 % (улыўма жолаўшы айланысының 97,6 %) көбейиўи тәмийинленди;(транспорт тараўында ҳәрекет етип турған исбилерменлик субъектлери саны 833 қурады).

- усақлап сатыў товар айланысы улыўма көлеминиң 89,4 % ямаса 1273,7 млрд. сўмы (өсим пәти 4,1%) ҳәм хызметлер улыўма көлеминиң тийисли түрде 53,3 % ямаса 796,2 млрд. сўмы (өсим 6,2%) қәлиплестирилди; (саўда тараўында ҳәрекет етип турған исбилерменлик субъектлери саны 4381 ди ҳәмде хызметлер тараўында 1152 ни қурады).

- 17,5 млн. АҚШ доллары (улыўма экспорт көлеминиң 20,1 %) муғдарында өнимлер (товар ҳәм хызметлер) экспорт қылынды, 25,8 млн. АҚШ доллары (улыўма импорт көлеминиң 70,6 %) көлеминде өнимлер (товар ҳәм хызметлер) импорт қылынды. (есабат дәўиринде 75 киши исбилерменлик субъектлери тәрепинен экспорт ҳәмде 171 субъектлер тәрепинен импорт операциялары әмелге асырылды).

**2020 жылдың январь-мартында киши исбилерменлик субъектлери өними (жумыслар, хызметлер) улыўма көлеминдеги жеке исбилерменликтиң (пуқаралар мүлики) үлеси**

| | *Киши исбилерменлик субъектлери өними (жумыслар, хызметлер) көлеми, млрд.сўм* | *Киши исбилерменлик субъектлери өними (жумыслар, хызметлер) көлеминде жеке сектор үлеси, % есабында* |
|---|---|---|
| Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы | 830,6 | 96,4 |
| Санаат | 653,1 | 19,5 |
| Қурылыс | 596,2 | 88,6 |
| Усақлап сатыў | 1273,7 | 89,4 |
| Жүк тасыў, *млнтн.* | 3,5 | 80,5 |
| Жолаўшы тасыў, *млн.адам* | 30,3 | 97,4 |
| Экспорт, *млн. АҚШ долл.* | 17,5 | 20,1 |
| Импорт, *млн. АҚШ долл.* | 25,8 | 70,6 |

**Жалпы аймақлық өним ҳәм экономика тараўлары өними (жумыслар, хызметлер) улыўма көлеминде киши исбилерменлик (бизнес) үлесиниң өзгериўи**

*(улыўма көлемге салыстырғанда % есабында)*



2020 жылдың январь-март айларында 926 киши кәрхана ҳәм микрофирмалар (дийқан ҳәм фермер хожалықларынан тысқары) мәмлекетлик дизимнен өткреилген болып, бул өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда (1282) 72,2 % ке өсти.

Ең көп киши кәрхана ҳәм микрофирмалар саўда тараўында (барлық дизимге алынғанлардың 32,9 %), санаат (20,2%), қурылыс (10,6 %), аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы (16,6 %), жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер (6,1 %), тасыў ҳәм сақлаў (3,4%) ҳәмде мәлимлеме ҳәм байланыс (1,8 %) экономикалық хызмет түрлери бойынша дизимнен өткерилген.

**2020 жылдың январь-март айларында жаңа шөлкемлестирилген киши кәрхана ҳәм микрофирмалардың экономикалық хызмет түрлери бойынша үлеси**

*(дийқан ҳәм фермер хожалықларсыз, жәмине салыстырғанда % есабында)*



## 2020 жылдың январь-март айларында қала ҳәм районлар бойынша киши исбилерменлик (бизнес)те санаат өнимин ислеп шығарыў көлеми




## 2020 жылдың январь-март айларында қала ҳәм районлар бойынша киши исбилерменлик (бизнес)те усақлап сатыў товар айланысы көлеми ҳәм өсим пәтлери



Киши исбилерменлик (бизнес) субъектлери тәрепинен усақлап сатыў товар айланысы көлеминде Нөкис қаласы (317,6 млрд. сўм), Хожели (137,6 млрд. сўм) ҳәм Беруний (136,0 млрд. сўм) районлары алдыңғы қатарларда келмекте.

**2020 жылдың январь-март айларында қала ҳәм районлар бойынша киши исбилерменлик (бизнес)те хызмет көрсетиў көлеми ҳәм өсим пәтлери**




2020 жылдың январь-март айларында республика жалпы аймақлық өнимниң көлеминде киши исбилерменлик (бизнес) субъектлериниң үлеси 43,9 % ти қурап, 2019 жылдың усы дәўирине (42,8) салыстырғанда 1,1 процентли пунктке кемейди.

Санаат ислеп шығарыў тараўының ең жоқары үлеси Қараөзек, Мойнақ, Шоманай ҳәм Елликқала (жәми ислеп шығарыў көлемине салыстырғанда үлеси 100,0 %), Шымбай (96,8 %) районларына туўры келеди, ең төмен үлеси болса Нөкис қаласы (5,5 %) на туўры келеди.

Хызметлер тараўында район бойынша жәми хызмет көрсетиў көлеминде киши исбилерменликтиң жоқары үлеслери Қараөзек (жәми хызметлер көлемине салыстырғанда үлеси 97,2 %), Қанлыкөл (96,9 %), Беруний (97,2 %), Шоманай (96,1 %) Нөкис (96,1 %), Тахтакөпир (95,4 %) Кегейли (95,6 %) ҳәм Төрткүл (94,6 %) районларына туўры келди.

**2020 жылдың I шереги ушын экономикалық жағдады баҳалаў,**

*% есабында*




Мәмлекетлик статистика жумысларын ислеп шығарыў дәстүрине тийкарынан 2020 жыл I шерек жуўмақларына көре экономикалық хызмет түрлери бойынша жаңадан шөлкемлестирилген микрофирма ҳәм киши кәрханаларда таңлаў жолы менен үйрениўлер өткерилди.

Үйрениў мағлыўматлары анализи, респондентлердиң 25,9 % экономикалық жағдайды қолай, 60,0 % қанаатландырарлы ҳәм 14,1 % қанаатландырарсыз деп баҳаланды.

**Экономикалық жағдайдағы өзгерислердиң жақын үш айда баҳаланыўы**




Анализ нәтийжелеринен келип шығып, жаңадан шөлкемлестирилген киши кәрхана ҳәм микрофирмаларға бизнес орталығын жақсылаў ушын көрилип атырған ис-илажлар нәтийжесинде респондентлер жақын келешекте улыўма экономикалық жағдайдың жақсыланыўы жақсы баҳаланғанлығына жуўмақ етиў мүмкин.